

# 139 *Tulungana sing Sinau Bèn Isa Setya*

(Matéus 28:19, 20)

1. Senengé rasané atiku,  
Mbantu wong-wong sinau.  
Bèn manut tuntunané Allah,  
Dadi kancané Huwah.

*(REFREIN)*

*Yéhuwah, mirengna aku:  
Sing sinau t'rus dijaga.*

*Lantaran asmané Yésus, panyuwunku:  
Sing sinau isa setya.*

2. Aku t'rus ndonga saben dina,  
Kanggo sing terus setya.  
Senajan ngadhepi masalah,  
Bèn éntuk berkahé Yah.

*(Refrein)*

3. Bèn padha isa t'rus ngendel'ké,  
Yéhuwah lan putrané.  
Setya lan manut tuntunané,  
Lan urip saklawasé.

*(Refrein)*